Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 43 (6831) 21 ноябрь 2022 с. Итни РабигIул ахир 1444 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Проектал гIумруялде рахъинари, ЕГИССОялда хъвай-хъвагIай гьаби, Госпабликал рагьи

### Армиялде гIолилал ахIиялъул кампаниялда хурхарал баяналги гьаруна

**Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда гьабуна ЕГИССОялда хъвай-хъвагIай гьабиялъул, юрлицабаз, госструктураби абураб**



**араб анкьалъул байбихьуда тIобитIараб данделъиялда федералиял, регионалиял проектал гIумруялде рахъинариялъул, финансовияб лъагIел лъугIизабиялъул, налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизариялъул суалал рорхана. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал, бакIалъулал идарабазул вакилзабаз. Дандеруссиналъул гIахьалчагIаз гьединго халцIар щвезабун, Госпабликал рагьиялъул, районалда цифровизация нухдаинабизе хIажатал цогидал хIалтIаби гIумруялде рахъинариялъул ва гь. ц.**

Бакълъулазул нухмалъулес гьединго баянал гьаруна иргадулаб хаслихълъиялъул армиялде гIолилал ахIиялъул кампаниялда тIасан. «Хаслихъе армиялде гIолилал ахIи щибаб соналъ Россиялда тIобитIулеб хIалтIи буго. Нилъер улкаялде гъорлъе цIиял рачIарал регионазде срочникал ритIизе гьечIо, хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъизеги гьел гьечIо»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Гьединго рагъулал аскаразде хъулухъ гьабизе бакълъулал ахIиялда хурхарал баянал гьаруна: районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъ, «Народное ополчение 1999 г. “Интербригада ”» ДРООялъул штабалъул нухмалъулев, Афгъаналъул рагъул ветеран УхIума ГIабдулкъадировас, ТIолгороссиялъул жамгIияб идараялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул Бакълъул мухъалда бугеб рагъулал инвалидазул «ВоИн» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев Багьавудин МухIамадовас ва цогидаз. Гьезул рагIабазда рекъон, армиялде ахIарал гIолилал Россия тун къватIире рагъулаб борч борхизе ритIизе гьечIо.



**«Гумбет» РИО**

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБАЗДА

## Гъалип Гъалиповас бакълъулал къабул гьаруна

### Килалъ росу цебетIеялъул бицана

**Бакълъул мухъалъул нухмалъулев араб анкьалъ дандчIвана Килалъ росдал жамагIатгун. Гьев гIенеккана: росдал бегавул ГIабдулхIамид МухIамадовасухъ, килдерил гьоркьохъеб школалъул директор СагIидбег ГIузаировасухъ, харабазул вакил МухIамад Ибрагьимовасухъ, поселениялъул имам МухIамад Абузаровасухъ ва цогидахъ.**

Килдерил жамагIаталъ баркала загьир гьабуна муниципалияб тIалъиялъе росу цебетIезе мурадалда гIумруялде рахъинарурал программабазухъ ва цогидаб кумекалъухъ. Гъалип Гъалиповас ва гьесухъе рачIараз гIужие росана нахъеккунги росдал гIадамазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе квербакъулел проектал. КIвар кьезе буго нухал, токил мухъал къачIаялде, лъим гьоркьоса къотIичIого чIезабиялде. ФАП баялъул хIалтIабиги кватIичIого рагIалде рахъине руго Килалъ, гьеб балеб буго республикаялъулаб программаялда рекъон.



Муниципалитеталъул тIалъиялъул хъаравуллъиялда руго цогидал росабалъги федералиял, республикаялъулал программаби гIумруялде рахъинариялъул суалал. Проектал нухдаинариялъ квербакъула гIадамазе санагIалъаби чIезаризе.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Асият ГIумарахъаева: «Налогал – пачалихъалъул кьучI»**
- 2 - гьум.



**Заира Пахрудиновалъе шапакъат кьуна**
- 2 гьум.



**ГIабас Пирбудагъовасе пачалихъияб шапакъат щвана**
- 2 гьум.



**Бакълъулазул маданияталъул хIалтIухъаби Болъихъе щвана**
- 3 гьум.

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Асият ГIумарахъаева: «Налогал – пачалихъалъул къучI»

### Налогал росабалъе тIадруссуна

**Щибаб соналъул 21 ноябралда нилъер улкаялда кIодо гьабула налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо. Налоговияб гIуцIи чIезабиялъе байбихьи лъуна Иван Грозныясул заманалдаго. Гьеб мехалъ бахъана кIудияб Приходалъул Буюрухъ (Приказ Большого Прихода) – тIоцебесеб пачалихъияб налогал ракIариялъул идара. Нусго соналдасан гIуцIана гьанжесеб Налоговияб кодексалъе къучIлъун бугеб даран-базаралъул устав (Торговый устав), гьенир ракIарун рукIана даран-базаралда хурхарал налогал ракIариялъул къагIидаби.**



19-абилеб гIасруялъул байбихьуда Александ ТIоцевесесул заманалда лъикIаланго хиса-басиял ккана налогал ракIариялъул рахъалъ. Чанго улкабазда жакъаги хIалтIизарула ругел хиса-басиял гьаруна Николай КIиабилесул заманалда финансазул министрлъун Петр Столыпин вугев мехалда. Цоги аслиял хиса-басиял ккана 1916-абилеб соналъ, буголъиялъул налог чIезабиялъул буюрухъалда гъулбас гьабидал.

1991-абилеб соналъул 21-абилеб ноябралда Россиялъул тIоцевесев президент Борис Ельциница Пачалихъияб налоговияб служба жибго жиндаго чIараб ведомстволъун гьабураб документалда гъулбасана. Гьединлъидал гьеб къо бищана налоговиял хIалтIухъабазул къолъун.

Анкьго соналдасан гьеб идара министерстволъун бахъана, 2004-абилеб соналъ – Федералияб налоговияб службалъунги. ФНСалда хIалтIулел руго 150 азаргоялдасаги цIикIкIун чи. Бакълъулазул мухъалда бугеб районазда гьоркьосеб налоговияб инспекциялъул № 12 участокалъул кIудияй Асият ГIумарахъаевагун дандчIвана «Гумбет» газеталъул хIалтIухъан.

**- Асият, тIоцебесеб иргаялда баркула дуда РФялъул налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо. Бокьилаан Бакълъул районалда налогал ракIариялъул рахъалъ бугеб ахIвал-хIалалъул къокъго бицани.**

- Районалъул налоговиял хIалтIухъабаз, цересел сонazго гIадин, хIаракат бахъана гIужда ва букIине кколеб къадаралда налогал ракIариялъул тадбирал гIуцIизе. Районалъул администрациялъул вакилзабазда, судалъулал приставазда, ГИБДДялъул хIалтIухъабазда цадахъ сапар бухьана росабалъе, налогал кьеялъул къагIидабазда тIасан, гьел жиндир заманалда кьечIони кколел квалкваллазда хурхун гьаруна баянал. ГIемер соназ налогал кьечIезул рокъоре щвана, чангоязул банкалъулал картабиги чIезаризе ккана. Гьединал тадбираз лъикIал хIасилал кьечIого рукIунаро. Гьедин, «Сбербанк» приложениялдасан жидер налоговияб налъи борхаралги гIезагIан ккана.

Аслияб кIвар кьей нижеца гьабула бакIалъулаб бюджеталде рачIунел налогал ракIариялде. Бюджеталде бищун цIикIкIараб бачIин букIуна буголъиялъул налогалъул (НДФЛ). Нижеда бихьизабураб къадаралдасаги цIикIкIун бакIарун буго гьеб районалда. 36 млн 820 азарго гъурущ планалда рекъон бакIаризе букIана, 38 млн 50 азарго гъурущ бакIарана.

Даран-базар гьабулездаса бакIарула бигьалъизабураб къагIидаялда рекъон налогал (Упрощенная система налогообложения). Гьелъулги план нижеца цIикIкIун тIубан буго, ай 3 млн 50 000 гъурущ буго планалда бихьизабун, бакIарана 5 млн 836 000 гъурущ . Цогиги буго районалъул гьединго поселениязул бюджеталде цодагьаб бутIа унеб цогояб росдал магIишаталъул налог (ЕСХН). росдал магIишатазул идарабаз кьолеб налог буго гьеб. 205 000 гъурущ план батани, бакIарун буго 273 000 гъурущ.

Квалквалал дандчIвала ракьалъухъ, физлицабаз магIишаталдаса налог кьеялъул хIалтIаби нухдаинарулаго. Нижер хIалтIуе жеги кьимат кьола гIадамазда тIад бугеб налоговияб налъи дагьлъизабизе кигIан хIалтIи гьабураб ва чан проценталъ гьеб дагьлъараб халгьабун. Гьедин, районазда гьоркьоб налъи дагьлъизабиялъул рахъалъги лъикIал хIасилал руго нижер. Цодагьаб захIмалъула транспорталъулаб налогалъул налъи дагьлъизабизе.2022-абилеб соналъул январь моцIалда 12 миллионалдасаги цIикIкIун гъурущ букIана транспорталъул налог, хутIун буго 10 млн 114 000 гъурущ – 21 проценталъ дагьлъана.

**- ГIадамахъе уведомлениял щвечIого хутIизе рес бугищ?**

- Нижехъе электронниял сведениял рачIуна регистрационниял идарабаздасан, налоговиял начисленниял гьаричIого гьоркьов чи хутIуларо. Уведомлениял гIадамахъе битIулеб центр буго Волгоградалда. Гьениб чIезабула уведомлениял ритIиялъул графикги. Гьеб щвечIого хутIизе бегьула, прописка цо бакIалда бугони, гIумру тIами гьабун цогидаб бакIалда ратани. ПочIалъул хIалтIухъабахъе конверт кьезе чи щоларо. Гьеб суал гьоркьоб лъураб данделъиги букIана районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда тIобитIун.

Уведомление нагагь щвечIони, тIад ругел налогазул баянал щола налогал кьолезул жалго бетIергьанал кабинетаздасан. Гьеб кабинет рагьизе бегьула Госуслуги порталалдасан, ФНСалъул официалияб сайталдасан, паспорт цадахъ босун рачIани, налоговияб инспекциялдаги тIубала гьеб суал. Уведомлениязда тIад хасал штрихкодал рукIуна, гьелъул кумекалдалъун къокъидго ва бигьаго тIубала налог кьеялъул суал, щола хIажатал баянал. Налогал кьеялъул суалал тIуразе гIемерал санагIалъаби чIезарун руго гIадамазе.

**- Налоговиял бигьалъаби (льготы)лъие чIезарун ругел?**

- Налогалъул тайпаялда бараб букIуна бигьалъи чIезабиялъул иш. Мисалалъе босун, цIияб бигьалъи буго бихьизабун лъимал гIемерал хъизабазе: ункъго ва цIикIкIун лъимал ругел эркен гьарун руго цо транспорталдасан налог кьеялъе. Мисал, чанго машина батани, налог цIикIкIун кьезе кколелъе бигьалъи бихьизабун буго. Гьелъие гьез лъимал гIемер ругин абураб справкаги гIарзаги кьезе ккола. МФЦялдасан, налоговияб инспекциялдасан яги живго бетIергьанав налогал кьолезул кабинеталдасан кьезе бегьула гьеб.

Жеги скидка букIуна киналго группабазул инвалидазеги. Цо гьитIинаб машинаялъул налог кьеялдаса эркен гьарун рукIуна. Ракьухъ кьолеб налог босани, гьединго цо бараб бакIалъухъ бигьалъи бихьизабун буго. Пенсионеразеги буго гьитIинаб машинаялъе скидка, цо бараб бакIалъухъги налог кьоларо. Пенсионераз гIарзаги кьезе кколаро. Пенсионнияб возрасталде рахаразул баянал нижер базаялда рукIуна.

**- Предпринимателазул хал кин нужеца гьабулеб?**

- Налоговияб инспекциялъул хIалтIухъаби жалго ун хал гьабуларо, нагагь хал гьабизе ккараб иш бугони, уна комиссиялда цадахъ, ай администрациялъул, прокуратураялъул вакилзабигун, участковиялгун ва гь. ц. Гьел хIалтIабиги гьарула планалда рекъон.

**- Даран-базар гьабизе яги цогидаб рахъалъан хайиралъе хIалтIи гьабизе байбихьарал налогаздаса эркен гьарулин абураб жо бугищ?**

- ГьечIо. Предпринимателазул рес буго, гIарзаги кьун,бигьа гьабураб къагIидаялда (льготная система) рекъон налогал кьезе.

**- «Гумбет» газета гьоркьоб ккун абизе бокьараб бугищ?**

- ТIоцебесеб иргаялда махщелцоязда баркизе бокьун буго налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо, гьарула щивасе щулияб сахлъи, хIалтIулъ цебетIей. Районцоязде гьари буго налогал жиндир заманалда кьеян, гIужда налъи тIубай – рекIее парахалъи. Жиндир заманалда кьечIони, тIаде бачIунеб пеня букIуна. Цо чанго соналъ налог кьечIого тани, гьеб тIаса унин абурал хабарги уяб гуро. Нилъеца кьурал налогал росабалъего тIадруссуна, жамгIияталъе хIажатал рахъал церетIезариялъе кумекалъе ратула.

- Асият, баркала гара-чIвари гьабизе заман батаралъухъ, Аллагьас тавпикъ кьеги нахъеккунги жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи кьиматаб даражаялда тIубазе.

**Гара-чIвари гьабуна**
**Зугьра ГIабдулкъадировалъ**

БЕРГЬЕНЛЪАБИ ЦIИКIКIАГИ

## Заира Пахрудиновалъе шапакъат кьуна

**Бакълъул мухъалъул Аргъвани росулъа мугIалим Заира Пахрудинова 2022-абилеб соналъул тIоцебесеб сентябралдаса Мелитополялъул школалда мугIалимлъун хIалтIулей йиго. Араб анкьалъ Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул министр ЯхIя Бучаевас Пахрудиновалъе «Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул отличник» абураб каранда балеб гIаламат кьуна.**



Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Заира Пахрудиновалда баркана шапакъат щвей, гьарана гьелъие щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва сундулъго икъбал. Муниципалитеталъул тIалъиялъул хъаравуллъиялда руго хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизабазе кумек гьабиялъул суалал. Гьедин, араб анкьалъги районалъул росабалъе сапар бухьана муниципалитеталда Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда гIуцIараб «Нилъ цадахъ руго» абураб волонтеразул штабалъул гIахьалчагIаз СВОялде аразул хъизабазе кумек гьабизе мурадалда.

**«Гумбет» РИО**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## ГIабас Пирбудагъовасе пачалихъияб шапакъат щвана

### Росдал магIишат цебетIезе ракIбацIцIадго хIалтIарав

**Дагъистаналъул Бакълъулазул мухъалда бугеб ветуправлениялъул ТIад Инхо росулъ бугеб ветеринариялъул участокалъул нухмалъулев ГIабас Пирбудагъовасе Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул № 174 Указалда рекъон «Дагъистаналъул мустахIикъав ветеринариял тохтур» абураб хIурматияб цIар щвана. 1996-абилеб соналдаса районалъул ва республикаялъул росдал магIишат цебетIезе хIаракат бахъана ГIабас Пирбудагъовас.**

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповасда баркана ДРялъул бетIер Сергей Меликовас, пачалихъияб шапакъатги кьун, кIодо гьави, гьарана гьесие щулияб сахлъи ва нахъеккунги хIалтIулъ бергьенлъаби.



**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАРКИ

## Баркула налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо

**ХIурматиял Россиялъул ФНСалъул районазда гьоркьосеб № 12 Гумбет районалда бугеб участокалъул хIалтIухъаби! Пачалихъалъул социалиябгун экономикияб цебетIей цIикIкIараб къадаралда бараб буго налогал ракIариялъул иш дурусльизе ва камиллъизе гьабиялда. Налогазул хъулухъ нилъер улкаялда гIуцIана 1991 соналъул 21 ноябралда.**

Жидерго профессионалияб байрамалде районалъул налоговиял хIалтIухъабиги рачIунел руго налогал ракIариялъул рахъалъ лъикIал хIасилалги росулаго. РакI-ракIалъ баркула налоговиял хIалтIухъабазда гьезул махщалилаб байрам - РФялъул налоговиял органазул хIалтIухъабазул къо. Гьарула сахлъи, талихI-рохел ва хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**Гьалип Гьалипов**

МАДУГЬАЛЛЪИЯЛЪУЛ БУХЬЕН ЩУЛАЛЪАГИ

## Бакълъулазул маданияталъул хIалтIухъаби Болъихъе щвана

### Махщелцояз хIурматалда къабул гьаруна



**Бакълъулазул районалъул маданияталъул вакилзабаз араб анкьалъ «Творческияб десант» абураб проекталда рекъон сапар бухьана Болъихъ районалде. КIудияб хIурматалда гьел къабул гьаруна Болъихъ районалъул маданияталъул идараялъул нухмалъулев Муртуз Дарбишевас ва хIалтIухъабаз. Бакълъулазе балъхъадерил музеялда, библиотекаялда экскурсия гIуцIана, бихьизабуна миллиял ретIел букъулеб мастерская. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда бараб памятникалде щун, ракIалде щвезаруна нилъер эркенлъиялъе гIоло рухI къурал.**

Тадбиралъул ахиралда бакълъулазул маданияталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас ва балъхъадерил маданияталъул нухмалъулев Муртуз Дарбишевас цоцазе сайгъаталги кьуна. «РакI-ракIалъуб баркала загьир гьабизе бокьун буго Болъихъ районалъул творческияб коллективалъе нижее гьабураб хъулухъалъухъ, гьоболлъиялъухъ. РекIее кIочонареб асар гьабулеб дандчIвай гьабуна гьез», - ян абуна МухIамад ГIумардибировас.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## МухIамадрасул Сулейманов – рагъухъабиинтернационалистазул данделъиялда

### Украинаялде сапар бухьиналъул бицана



**Дагъистаналъул батIи-батIиял районаздаса ва шагьараздаса рагъухъаби-интернационалистал гIахьаллъараб заседание тIобитIана Гьизилюрт шагьаралда. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна «Рагъулаб вацлъи» абураб ВООВалъул бакълъулазул мухъалда бугеб отделениялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи, Афгъаналъул рагъул ветеран МухIамадрасул Сулеймановас.**

Гьес бицана Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путиница Украина неофашистаздаса эркен гьабизе мурадалда рагIинабураб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе щвеялъул. «Гьизилюрт ва Бакълъул районалъул цIалдохъабаз ракIарарал посылкаби ва цогидаб гуманитарияб кумек нилъерго рагъухъабазе, ЛНРялъул, ДНРялъул гIадамазе щвезабизе сапар бухьун букIана риидал рагъулал лъугьа-бахъиназул ветераназ. Лъукъарал спецоперациялъул гIахьалчагIазе щвана»,- ян абуна МухIамадрасул Сулеймановас.

Афгъаналъул рагъул ветеран ХIайдар ХIайдаровасе сайгъат гьабуна сакъатазе хIажатаб коляска, Ума Зекулаевалъе, Асадула Абакаровасе ва ГIали ХIасановасе ноутбукал кьуна тадбиралда.

**«Гумбет» РИО**

## Выплаты мобилизованным освободят от НДФЛ Госдума приняла во втором и третьем чтениях закон с поправками в Налоговый кодекс из бюджетного пакета

Согласно документу выплаты мобилизованным и добровольцам, военнослужащим-контрактникам, которые принимают участие в СВО, членам их семей освободят от НДФЛ.

Об этом сообщает официальный сайт Госдумы России. Также отмечается, что подоходным налогом не будут облагаться суточные командированным на новые территории.

БОЛЕЕ ПОДРОБНО ОЗНАКОМИТЬСЯ С ИНФОРМАЦИЕЙ МОЖНО, ПЕРЕЙДЯ ПО ССЫЛКЕ:HTTP://DUMA.GOV.RU/NEWS/55711/

СТРАНА ГОР

## Более 1,5 млн туристов посетили Дагестан

**Премьер-министр РД Абдулмуслим Абдулмуслимов провёл заседание Правительства региона, в рамках которого рассмотрели итоги летнего туристического сезона 2022 года, сообщает РИА «Дагестан».**



Абдулмуслим Абдулмуслимов рассказал, что за 9 месяцев 2022 года турпоток в регион составил чуть более 1,5 млн человек. По его словам, почти полностью восстановилась занятость в индустрии – до 11 тысяч человек, а также действует целый ряд мер стимулирования предприятий отрасли. Отмечается, что на эти цели направлено 278 млн рублей.

БОЛЕЕ ПОДРОБНО ПО ССЫЛКЕ:HTTPS://RIADAGESTAN.RU/NEWS/THE_GOVERNMENT_OF_THE/BOLEE_1_5_MLN_TURISTOV_POSETILI_DAGESTAN/

**«Гумбет» РИО**

СТРАНА ГОР

## До конца 2024 года в Дагестане должны появиться три мусоросортировочных комплекса

**В рамках национального проекта «Экология» регион в 2022-2024 годах получит 6,5 млрд рублей, сообщает в своём телеграмм-канале Глава РД .**



Так, в республике запланировано построить три мусоросортировочных комплекса: на 250 тысяч тонн в год – в Хасавюртовском районе, на 500 тысяч тонн – в Карабудахкентском районе и на 200 тысяч тонн – в Дербентском районе. Более подробно по ссылке:https://t.me/melikov05/670

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка – 2023

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2022-абилеб соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги редакцияздасанги.**

Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2023-абилеб соналъ «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

**ЛъагIалие багьа:**
почалдасан – 670 гъурущ;
редакциялдасан – 250 гъурущ.

**ТIоцебесеб бащдаб лъагIалие багьа:**
почалдасан - 335 гъурущ;
редакциялдасан – 125 гъурущ.

**«Гумбет» РИО**

СТРАНА ГОР

## Глава Дагестана с рабочим визитом посетил Унцукульский район

**Глава РД Сергей Меликов в рамках рабочей поездки в район ознакомился с социальными объектами муниципалитета. Об этом сообщает РИА «Дагестан». Так, Сергей Меликов посетил детский сад «Сказка» в поселке Шамилькала.**



Осмотрев дошкольное учреждение, руководитель региона поручил ответственным органам активизировать работу для скорейшего начала строительства нового здания детского сада. Также Сергей Меликов побывал и в Шамилькалинской средней общеобразовательной школе, где встретился с педагогами и учащимися, а также оценил состояние учреждения.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## До конца года в РД завершат капремонт в 60 зданиях медицинских организаций

**Ход строительства и ввод в эксплуатацию объектов здравоохранения в Дагестане рассмотрели в рамках совещания под руководством премьер-министра РД Абдулмуслима Абдулмуслимова.**



**Об этом сообщается на сайте республиканского Правительства.**

В рамках мероприятия Абдулмуслим Абдулмуслимов рассказал, что на 10 ноября 2022 года из 51 ФАПа получили лицензии и введены в эксплуатацию только 27 ФАПов, а по отставшим 16 ФАПам степень технической готовности составляет от 5 до 50%. Руководитель Минздрава РД Татьяна Беляева поведала, что в рамках реализации Программы в 2022 году запланировано приобретение и монтаж 8 быстровозводимых модульных конструкций, а также осуществление капитального ремонта в 60 зданиях лечебных учреждений на общую сумму 157,24 млн рублей.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Изменение категории земель для целей недропользования обсудили в Правительстве Дагестана

**Премьер-министр РД Абдулмуслим Абдулмуслимов провел совещание, в рамках которого рассмотрели перевод земельных участков из категории земель сельскохозяйственного назначения в категорию земель промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики и земель иного специального назначения для целей недропользования.**

Об этом сообщается на сайте республиканского Правительства. В ходе мероприятия Абдулмуслим Абдулмуслимов рассказал, что в Правительство Дагестана неоднократно поступают обращения по переводу земельных участков из категории земель сельскохозяйственного назначения в категорию для целей недропользования, что даст возможность добывать на участке пильный известняк и строительный песок.

**РИО «Гумбет»**

## Добровольцы, участвующие в СВО, получат статус ветерана боевых действий

Госдума приняла закон о распространении статуса ветерана боевых действий на добровольцев, которые участвуют в спецоперации на Украине.

Авторами инициативы стали Председатель Госдумы Вячеслав Володин и депутаты от всех фракций. Об этом сообщает официальный сайт Государственной Думы России. Как сообщается, закон вступит в силу



с момента опубликования.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Оперативно-профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант»

**«Уважаемые жители Гумбетовского района!**

**В Гумбетовском районе проходит оперативно-профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант».**

Отдел МВД России по Гумбетовскому району сообщил, что в районе проходит оперативно-профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант» 4-й этап.

«Уважаемые гумбетовцы!

В период с 16 по 26 ноября 2022 г. на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие под названием «Нелегальный мигрант».

Целью мероприятия является выявление и пресечение нарушений миграционного законодательства, пресечение незаконной миграции, а также предотвращение преступлений террористического и экстремистского характера со стороны иностранных граждан и лиц без гражданства.

В связи с изложенным отдел МВД России по Гумбетовскому району убедительно просит жителей района обо всех известных им случаях использования в трудовой деятельности услуг иностранных работников, а также необоснованного (незаконного) нахождения на территории Гумбетовского района иностранных граждан, подозрительных лиц, сообщать по телефону: 8 (8722) 99-69-12», - сообщает ОМВД России по Гумбетовскому району.

**М.А. Магомедов,**
**начальник ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**полковник полиции**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## «Дети России - 2022»

**С 14 по 23 ноября 2022 г. в Гумбетовском районе, как и в других городах и районах Республики, с целью предупреждения распространения наркомании среди несовершеннолетних, социальных и правовых последствий потребления наркотиков в школах района проводится 2-й этап межведомственной комплексной оперативно-профилактической операции «Дети России - 2022».**

Все это проводится с одной и главной целью уберечь подрастающее поколение от верной гибели. Ведь употребление наркотиков – это глобальная проблема нашего времени, которая затронуло все человечество. Наркотики – яд, который становится частью обменных процессов организма, вызывает потребность принимать все новые и новые дозы в огромных количествах. Распространители данного «зелья» даже не задумываются о молодом поколении, не знающем жизни. Ведь распространителям наркотиков не важно, что будет с молодыми людьми в будущем, какими они станут и какова будет их дальнейшая жизнь. Их главная цель – это прибыль. Молодые люди не понимают, что через несколько лет они будут погибать на глазах своих родных, своих родителей, которые когда-то подарили им жизнь. Употребляя наркотики не думают о том, что они люди из будущего.

Жители нашего района могут анонимно сообщать об известных им фактах распространения, потребления, хранения наркотических средств.

Сообщения принимаются круглосуточно сотрудниками ОМВД РФ по Гумбетовскому району по моб. тел. 8-999-418-85-10 или раб. 8(8722) 99-69-12.

**М.А. Магомедов,**
**начальник ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**полковник полиции**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорль
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.